

## **DISEBUT OKNUM KU OKNUM**

Ku Agus Suherman

Salasahiji kaparigelan orde baru dina mengkuhkeun rasa *persatuan* jeung *kesatuan*, nyaeta maher nyiptakeun ‘musuh masarakat’. Musuh dina ieu hal bungkeuleukanana bisa mangrupa jalma, lembaga, atawa organisasi naon wae, anu dianggap patukang tonggong jeung pamarentah.

Numuwuhkeun imej yen hiji jalma, lembaga, atawa organisasi kudu disingkahan sarta jadi musuh masarakat, dikokolakeun ngaliwatan tilu unsur kakuatan orde baru, nyaeta militer, birokrasi, jeung lembaga pulitik.

Eta tilu kakuatan teh miboga wewenang anu kacida lega aweuhanana, ti mimiti nyurek hideung ngaran jalma-jalma nu dicuriga, jadi saringan sangkan jalma-jalma anu dicuriga tur dijadikeun musuh tea teu asup kana struktur pamarentahan, sarta jadi corong pikeun nepikeun jargon-jargon pangwangunan.

Di antara imej musuh anu geus napel dina uteuk balarea sarta remen dijadikeun panudingan minangka ulon-ulon dina rupa-rupa kajadian anu ngarugikeun masarakat mangsa harita, nyaeta Organisasi Terlarang (OT), di antarana komunis (PKI). Eta OT teh ngahaja diaduhareupkeun sarta dijadikeun musuh utama masarakat, sarta upama aya anggahota masarakat anu nganut ideologi nu teu luyu jeung ideologi nagara, sok disakompetdaunkeun jeung eta OT. Alhasil eta OT teh jadi kaceuceub tur padangamusuhan ku balarea (ilikan carpon “Ibu Guru” karya Darpan).

Lian ti eta, aya oge cap atawa sesebutan anu remen ditujukeun ka jalma nu dianggap mungpang jeung wangkelang kana rupa dawuh jeung kawijakan anu dikaluarkeun ku pamarentah, nyaeta sok disebut oknum. Nya sesebutan eta pisan anu napel ka diri Uhen dina carpon “Oknum” karya Hadi AKS.

Uhen, rahayat leutik, kacida taat tur tumut kana sagala parentah jeung panitah birokrat desa. Kitu deui nalika desana rek miluan lomba kaberesihan, manehna hageut pisan beberesih di pakarangan jeung sabudereun imahna. Atuh nalika manehna nenjo kertas pabalatak di buruanana, geuwat pisan disapukeun laju gur diduruk. Balukarna, isukna manehna dipanggil ka desa. Dicarekan bebeakan, pajarkeun teh geus kumawani ngaduruk gambar. Eta kajadian teh dipatalikeun jeung kajadian samemehna, nalika manehna rek menerkeun gambar anu ngaplek dina bilik imahna, harita teh katangeneun ku Hansip desa, teu gugur teu angin eta Hansip teh kalah nuding yen Uhen rek nyoplokeun gambar.

Bisa kaimpleng, gambar naon atawa kontestan nomer sabaraha anu dimaksud dina eta carpon (dina titimangsa taun 1993). Da apan harita mah kontestan pemilu teh ngan aya tilu, PPP, Golkar, jeung PDI. Harita mah deuih kakawasaan teh boh di pusat boh di daerah dicekel jeung dikadaliikeun ngan ku sakontestan anu remen meunang panglobana sora dina pemilu.

Teu cukup tepi ka dinya katunggara Uhen teh, kasambung deui nalika mieling Agustusan. Manehna teu kaduga masang bandera alatan teu kabeuli, tapi ari pitihangeunana mah geus aya awi cangkeuteuk hideung meunang nyiar ti leuweung. Eta kajadian teu wudu matak bendu aparat desa, pajarkeun teh teu niat we masang bandera, da upama hayang guyub mah tangtu maksakeun meuli kawas batur. Uhen dijagragkeun sarta digelendeng deui ku kades saparakanca, nepi ka antukna aya salasaurang aparat desa anu haat nginjeumkeun bandera. Atoh leuwih ti atoh, eta bandera teh buru-buru dipasangkeun, da era ku batur anu geus tingkelebet.

Teu ku hanteu, eta bandera teh masangkeunana gura-giru teuing, nepi ka kurang pageuh nalikeunana, antukna murag, meneran pisan kana durukan, kabeuleum.

Ieu carpon teh lain bae ngagambarkeun kumaha sawenang-wenangna birokrat desa dina nindak jeung nuding rahayatna, tapi oge ngagambarkeun konflik psikologis anu kacida ruwet jeung pajeujeutna, anu kaalaman ku masarakat nu dituding milampah nirca, saperti Uhen nu dituding ngaduruk bandera. Lian ti eta, ieu carpon oge ngagambarkeun realitas kamiskinan di masarakat, pangpangna anu kaalaman ku Uhen nu teu kaduga meuli bandera-bandera acan, atawa nalika manehna rek ngapur imahna, nu kapaksa kudu ngadagoan sesa tatanggana.

Nilik kana judul ieu carpon, nyaeta “Oknum”, sacara semantis, sakumaha anu kaunggel dina Kamus Besar Bahasa Indonesia (KBBI) jeung Kamus Umum Basa Sunda (KUBS), hartina teh leuwih nyindekel kana hal anu goreng atawa negatip, nyaeta nuduhkeun jalma anu paripolah jeung tindakanana sok sawenang-wenang, sarta tukang nyieun pucuk ti girang di masarakat. Dumasar kana eta hal bisa katohyan ajen katokohan Uhen jeung Kades saparakanca dina eta carpon, ku cara dibandingkeun dumasar kana sabab-musabab galur carita.

Uhen, mangrupa rahayat anu satia jeung taat kana sagala parentah aparat desa. Nalika desana miluan lomba kaberesihan, manehna hageut pisan bebesih. Kitu deui nalika gambar anu ditempelkeun dina bilikna ngaplek, ku manehna geuwat dibenerkeun, oge nalika manehna nenjo kertas pabalatak di buruanana, gancang pisan disapukan laju diduruk, da ceuk angkeuhanana bisi matak sareukseuk jeung bala, katambah manehna mah teu tuman deuih upama di buruanana aya runtah najan sacewir oge. Lian ti eta, Uhen teh miboga jiwa nasionalisme anu kacida onjoyna. Eta hal katiten nalika tatanggana geus tingkelebet masang bandera, sedengkeun manehna teu kaduga keur meulina, manehna tetep nyiar awi keur tihangna, malah dipasangkeun di buruanana.

Sabalikna, tokoh Kades saparakanca, mangrupa birokrat anu gampang maen tuding ka rahayatna. Uhen anu sakitu taat jeung tuhu kana parentahna dianggap wangkelang jeung ngabangkan. Niat Uhen menerkeun gambar anu ngaplek jeung mersihkeun kertas nu pabalatak diburuanana, kalah dituding nu lain-lain, pajarkeun teh ngijing sila, ngarti pulitik, ngabudi ucing, jeung sajabana. Lian ti eta, Kades oge kacida ambisius pikeun jadi juara lomba kaberesihan, nepi ka leah ngaluarkeun duit mangyuta-yuta sangkan meunang peunteun alus, anu boa eta duit teh sabenerna mah mangrupa ancoan pikeun pangwangunan desa. Kades saparakanca oge kurang paham kana kaayaan rahayatna. Uhen nu teu masang bandera alatan teu boga jeung teu kaduga meulina, pajarkeun teh embung guyub sarta mahiwal ti batur. Lian ti eta, kaciri pisan montengna Kades ka salasihiji kontestan pemilu (anu dina jaman harita mah memang lumrahna kitu). Eta hal tangtu ngaruksak pisan kana ajen demokrasi anu tumuwuh di masarakat.

Dumasar kana hal di luhur sarta nyindekel kana wangenan oknum sakumaha anu kaunggel dina KBBI jeung KUBS, tetela geuning anu disebut oknum dina carpon “Oknum” karya Hadi AKS teh lain Uhen, tapi taya lian Kades saparakanca. Ku kituna, cap jeung sesebutan oknum anu ditujukeun ka diri Uhen teh taya lian kaluar tina biwir jalma-jalma anu sabenerna mangrupa oknum.

*(dimuat dina SKM Galura, Edisi14/Taun 15)*